



Plon

Enfòmasyon pou lokatè yo

Updated 3/7/19

Ki sa lwa Massachusetts sou plon an ye?

- Lwa Massachusetts sou plon an la pou pwoteje timoun kont anpwazònman akoz plon.
- Lwa sou plon an egzije pou yo retire oswa pou yo kouvri nenpòt penti ki gen plon nan tout kay ki bati anvan 1978 kote timoun ki poko gen 6 an rete. Penti ki gen plon se gendwa yon penti ki gen plon k ap dekale yon kote oswa yon penti ki gen plon sou yon fenèt oswa sou chanbrann yon pòt.
- Se pwopriyetè a oswa mèt kay la ki responsab pou obeyi lwa sou plon an. Li gen obligasyon pou l pran dispozisyon pou kay la pa gen danje akoz plon si yon timoun ki poko gen 6 an rete la.

Èske mèt kay la ka refize lwe w kay la oswa mete m deyò si gen plon nan kay la?

Non. Selon lwa eta MA yo ak lwa ki rele Federal Fair Housing Act, mèt kay la PA GEN DWA pou l refize lwe w kay la ni pou l mete w deyò si w gen timoun oswa si kay la gen plon ladan l. Se mèt kay la ki responsab pou l korije kèlkeswa danje ki gen rapò ak penti ki gen plon lakay ou.

Si w panse mèt kay la te fè diskriminasyon kont ou, rele Boston Office of Fair Housing & Equity nan 617-635-2500 oswa MA Commission Against Discrimination nan 617-994-6000.



Mèt kay la ap fè kèk travay lakay mwen. Èske gen danje pou fanmi mwen?

- Si w pa fin konnen si mèt kay la ap fè travay la an sekirite, rele Boston Childhood Lead Poisoning Prevention Program (BCLPPP) nan 617-534-5965.
- Enspektè BCLPPP yo ap ka detèmine si kay la gen penti ki gen plon. Epitou, y ap ka fè w konnen si travay la ap fèt an sekirite, selon tout sa lwa MA sou plon an ak reglemantasyon pou retire plon e pou fè renovasyon an sekirite yo di.

Èske m ka sèvi ak dlo ki lakay la an sekirite?

- Dlo Massachusetts Water Resource Authority (MWRA) voye lakay ou pa gen danje. Yo teste l regilyèman.
- Liy sèvis ki voye dlo MWRA a lakay ou ka gen plon ladan l. Pou konnen si liy sèvis ki antre lakay ou gen plon ladan l, gade kat liy sèvis ki fèt ak plon Boston Water and Sewer Commission (BWSC) sou www.bwsc.org oswa rele nan 617-989-7888.



617-534-5965



1010 Massachusetts Ave
Boston, MA 02118



bphc.org/leadpoisoning



leadpoisoning@bphc.org